

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa mangrupa mahluk sosial anu teu bisa léso tina interaksi sosial, boh individu jeung individu boh individu jeung kelompok masarakat. Dina interaksina, éta manusa bakal meunang pangalaman tina kahirupanana. Tina rupaning pangalaman anu kapanggih, manusa mindeng nyurahan tina kajadian-kajadian anu kaalamanana sarta ditembrakkeun dina hiji wangun nu disebut karya seni.

Karya seni raket patalina jeung kahirupan masarakat. Salah sahiji wangun karya seni nya éta karya sastra. Lantaran raket patalina jeung kahirupan sapopoé, karya sastra moal leupas tina pangaruh masarakat jeung kabudayaanana. Sastra ogé mangrupa gambaran peradaban dina kahirupan manusa. Maju henteuna peradaban masarakat bisa katitén tina aprésiasi jeung ngajén kana karya sastra anu aya dina jamanna.

Nurutkeun Iskandarwassid (2016, kc. 204) karya sastra mangrupa karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra).

Tina *hasanah* kasusastraan Sunda, aya tilu bagéan karya sastra anu kudu dipikanyaho, nyaéta wanda (sipat), wangun (bentuk), jeung warna (genre). Karya sastra ditilik tina wangunna, aya anu disebut wangun ugeran (puisi) jeung wangun lancar (prosa). Nu disebut wangun ugeran (puisi) aya mantra, sisindirian, sawér, sajak, jsb. Upama nu disebut wangun lancar (prosa) aya dongéng, novel, carpon, carita pantun, jsb. Carita pantun kaasup sastra Sunda buhun anu mibanda wanda (sifat) dina wangun lancar (prosa).

Akhmad Musodiq, 2018

CARITA PANTUN *MUNDING KAWATI*

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA

(Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana médiana, carita pantun kagolong kana carita lisan, turun-turun, jeung sumebarna tatalépa. Nu ngalantarankeun wangun lisan mah babari robah, babari leungit jeung versi carita nu béda. Dina cara nyebarkeunana, juru pantun nyaritakeun langsung lalakon pantun ka muridna (teu ngagunakeun média tinulis) tur pikeun ngapalkeunnana ogé sakur ngandelkeun ingetan. Matak teu héran lamun aya rupa-rupa vérsi dina hiji judul carita pantun (Iskandarwassid, 2016, kc. 102).

Keterangan ngeunaan carita pantun aya dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* (SSKK) anu nyabit-nyabit carita pantun. Sok sanajan naskah SSKK lain naskah sastra, ieu hal penting pisan pikeun nyusun tatapakan sajarah sastra. Naskah titimangsa 1440 Saka atawa 1518 Maséhi aya keterangan yén:

... hayang nyaho di pantun ma: Langgalarang, Banyakcatra, Siliwangi, Haturwangi: prepantun Tanya...

Dumasar kana katérangan di luhur, carita pantun gumelar saméméh taun 1518 Maséhi. Dina éta naskah disebutkeun aya opat lalakon pantun, nyaéta Langgalarang, Banyakcatra, Siliwangi, jeung Haturwangi.

Carita pantun téh mangrupa gambaran tina budaya urang Sunda. Nurutkeun Danadibrata (2015) anu disebut carita pantun téh nyaéta carita paparaton atawa dongéng para raja di jaman karajaan galuh atawa Sunda anu dilagam-lagukeun ku tukang pantun sorangan bari dipirig ku kacapi anu ditabeuhna ku sorangan. Kadieunakeun sok aya nu dibarengan ku tarawangsa, aya ogé anu maké tatabeuhan séjén.

Eusi dina carita pantun henteu ngan aya unsur unsurna, tapi aya sababaraha hal anu kudu dipikawanoh ngeunaan struktur carita pantun. Anapon strukturna diwangun ku rajah pamuka, mangkat carita (anu ngamimitian dina carita), ngagambarkeun kisah (ayana tokoh anu geulis, satria, léngsér, jsb), kisah atawa eusi caritana, jeung rajah panutup.

Akhmad Musodiq, 2018

CARITA PANTUN *MUNDING KAWATI*

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA

(Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan nyaéta carita pantun *Munding Kawati* anu dipantunkeun ku Ki Atma di daérah Banggala, Subang. Pikeun bahan panalungtikan pantun jeung folklor Sunda, Bapa Ajip Rosidi ngusahakeun ku cara direkam tuluy ditulis dina wangun tulisan sangkan ieu carita pantun teu leungit.

Carita pantun téh umumna ngabogaan pola nu sarua, nyaéta ngalalakonkeun Raja Pajajaran anu rék ngalegaan nagarana atawa néangan pijodoeun. Ieu hal katitén tina ringkesan carita pantun *Munding Kawati* (CPMK). Ieu carita pantun nyaritakeun kajadian-kajadian nu aya di sabudeureun wilayah Karajaan Haur Doni anu dipingpin ku rajana nyaéta Prabu Munding Kawati. Prabu Munding Kawati masih katurunan ti Prabu Siliwangi di Pajajaran.

Carita pantun minangka karya sastra Sunda buhun anu beuki kiwari beuki langka baé. Hal éta katitén tina euweuhna réaksi boh ti nu mantun boh ti masarakatna anu ngabalukarkeun kurang wanohna kana salah sahiji wanda seni nu kawilang heubeul. Sangkan carita pantun hirup dina sagala jaman, ayeuna carita pantun dijadikeun bahan carita dina wangun drama Sunda saperti carita *Lutung Kasarung*, *Ciung Wanara*, jsb. Salian ti éta, carita pantun ogé dijadikeun bahan ajar dina kurikulum satuan atikan SMA/SMK/MA. Ku kituna, guru basa Sunda kudu leuwih rancagé dina ngawanohkeun carita pantun ka peserta didik.

Carita pantun minangka bahan ajar anu kawilang penting pikeun maluruh jeung mikanyaho dongéng raja-raja Padjajaran di jamanna. Carita pantun dijadikeun salah sahiji wadah pikeun bahan ajar dina satuan atikan. Luyu jeung naon anu dipedar dina KD Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMA/SMK/MA/MAK nyaéta “*Menganalisis isi dan struktur pada petikan Carita Pantun dan mengkreasikan Carita Pantun secara lisan atau tulisan (seperti drama, carpon dan puisi) dengan memperhatikan kaidah keahsaanya*”.

Akhmad Musodiq, 2018

CARITA PANTUN *MUNDING KAWATI*

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA

(Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Nilik kana objék anu ditalungtik, pamarekan dina ieu panalungtikan ngagunakeun analisis struktural naratif anu dikonsép ku Stanton. Pamarekan struktural anu ngawengku unsur-unsur karya sastra diwangun ku, téma, fakta-fakta carita, jeung sarana-sarana carita (sudut pandang, gaya basa jeung suasana, simbol-simbol, imaji, judul). Éta hal mangrupa salah sahiji cara pikeun ngaguar eusi dina carita pantun. Sanggeus dianalisis strukturna, tuluy disawang ajén étnopedagogikna nurutkeun Alwasilah anu kearifan lokal ngawengku, pangubaran, seni béladiri, sistim tatanén, lingkungan hirup, ékonomi, pamaréntahan, jeung sistem pananggalan atawa palintangan. Éta hal mangrupa salah sahiji cara pikeun ngaguar patokan-patokan sosial budaya anu aya dina kahirupan.

Panalungtikan ngeunaan carita pantun Sunda kiwari teu leuwih réa tibatan panalungtikan ngeunaan téks sastra Sunda saperti naskah (*manuscript:handscript*) kusabab sastra Sunda kiwari geus mimiti leungit ku kamekaran jaman. Aya sababaraha anu geus ngalakukeun panalungtikan ngeunaan carita pantun di antarana waé, panalungtikan tésis *Carita Pantun Bujang Pangalasan (Ulukan Struktural, Sémiotik, jeung Etnopédagogik)* (2013) anu dipedar ku Maryati, *Transformasi Carita Pantun Sulanjana kana Tari Sulanjana (Ulukan Struktural jeung sémiotik)* (2014) anu dipedar ku Ade Herni Nur Kolbi, jeung *Carita Pantun Mundinglaya Dikusumah nu Dipantunkeun ku Ki Atjeng Tamadipura (Ulukan Struktural Greimas jeung Ajén Moral)* (2015) anu dipedar ku Jajang Winarya. Tina judul-judul anu katitéan, aya pangbéda tina panalungtikan saméméhna nyaéta, tacan aya anu nalungtik ngeunaan Carita Pantun Munding Kawati. Ku kituna, dina ieu panalungtikan perlu ditalungtik ngeunaan ajén étnopédagogik dina carita pantun *Munding Kawati* anu dipantunkeun ku Ki Atma tur kumaha struktur naratif dina carita pantun *Munding Kawati* nu dikonsép ku Stanton.

Akhmad Musodiq, 2018

CARITA PANTUN MUNDING KAWATI

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA

(Ulukan Struktural jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Minangka sarana komunikasi, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan ajar dina pangajaran basa Sunda di satuan SMA/MA/SMK. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Carita Pantun *Munding Kawati* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang, objék dina ieu panalungtikan téh nyaéta carita pantun *Munding Kawati*. Aya dua masalah utama anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta struktural jeung ajén étnopédagogik. Ku kituna, ieu panalungtikan téh kudu diwatésanan. Sangkan teu lega teuing, ieu Panalungtikan maluruh ngeunaan struktur naratif anu dilarapkeun ku Staton ngawengku unsur-unsur karya sastra diwangun ku: 1) téma; jeung 2) fakta-fakta carita (galur, tokoh, latar). Anapon ajén étnopédagogik anu dipedar nyoko kana kearifan lokal nurutkeun Alwasilah, nyaéta 1) ubar, 2) béladiri, 3) sistim tatanén, 4) lingkungan hirup, 5) ekonomi, 6) pamaréntahan, 7) sistem pananggalan atawa palintangan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watésan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap :

- 1) Kumaha struktur naratif anu dilarapkeun ku Stanton kana carita pantun *Munding Kawati*?

Akhmad Musodiq, 2018

CARITA PANTUN *MUNDING KAWATI*

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA

(Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- 2) Ajén étnopedagogik naon waé anu aya dina carita pantun *Munding Kawati*?
- 3) Kumaha larapna carita pantun *Munding Kawati* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA?.

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta maluruh carita pantun *Munding Kawati* sarta kumaha waé struktur-struktur carita pantunna jeung mikanyaho ajén-ajén étnopedagogik anu aya dina carita pantun *Munding Kawati*.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) struktur carita pantun *Munding Kawati*;
- 2) ajén étnopedagogik anu aya dina carita pantun *Munding Kawati*; jeung
- 3) larapna carita pantun *Munding Kawati* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun anu nyusun, masarakat jeung lembaga-lembaga lianna. Dina ieu mangpaat panalungtikan aya dua mangpaat nya éta, mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

. Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta nambahan élmu pangaweruh ngeunaan téori, métode, struktur jeung ajén étnopedagogik dina carita pantun *Munding Kawati* salaku kearifan lokal anu kudu dimumulé.

Akhmad Musodiq, 2018

CARITA PANTUN *MUNDING KAWATI*

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA

(Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ieu miboga mangpaat praktis anu bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina pangajaran nyarita, diantarana :

- 1) Pikeun Guru, bisa dijadikeun répérénsi dina rencana pangajaran sastra, hususna dina analisis struktur jeung ajén étnopedagogik dina karya sastra.
- 2) Pikeun Siswa, ngalaman, nyabak atawa ngaapresiasi kana carita pantun jeung ajén atikan dina karya sastra.
- 3) Pikeun Masarakat, hasil panalungtikan bisa jadi dokumén sarta sumber rujukan pikeun panalungtik satuluyna.
- 4) Pikeun Panalungtik, nambahan pangaweruh jeung pangalaman nalungtik karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu tesis ngawengku lima bab, nya éta:

- 1) BAB 1 BUBUKA, anu ngawengku kasangtukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan;
- 2) BAB II KAJIAN TIORI, anu ngawengku ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, tiori-tiori ngeunaan carita pantun, struktural, étnopédagogik jeung bahan ajar;
- 3) BAB III METODE PANALUNGTIKAN, anu ngawengku métode panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data;
- 4) BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN, Ulikan Struktur jeung Etnopédagogik kana Carita Pantun *Munding Kawati* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA.
- 5) BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Akhmad Musodiq, 2018

CARITA PANTUN *MUNDING KAWATI*

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA

(Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu